

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Sapir nétélakeun yén basa atawa omongan téh nya éta kagiatan manusa anu rinéka warna tanpa wates, anu hésé ditangtukeun salila urang pipindahan ti hiji kelompok masarakat ka kelompok masarakat séjénna. Ari sababna, omongan téh mangrupa warisan historis éta kelompok tur produk nu lumangsung lila nu dipaké ku masarakatna. Omongan téh rinéka warna luyu jeung karancagéan nu bisa jadi katitén langsung tina agama, kapercayaan, adat kabiasaan, jeung seni masarakatna. Mun leumpang kaasup kana paripolah organis tur insting, ari basa mah lain, sabab kapanggih dina pungsi budaya manusa (Sudaryat, 2004: 5).

Basa salaku pakakas komunikasi jeung salaku unsur kabudayaan hiji masarakat. Hal éta katitén tina perelean unsur-unsur universal kabudayaan anu tujuh, nyaéta: 1) sistem religi jeung upacara kaagamaan; 2) sistem organisasi jeung kamasarakatan; 3) sistem pangaweruh; 4) basa; 5) kasenian; 6) sistem pakasaban hirup; 7) sistem teknologi jeung pakakas (Koentjaraningrat, 1993: 2).

Salian ti minangka salah sahiji unsur kabudayaan, pungsi tina basa nu kacida pentingna pikeun kahirupan manusa nya éta pikeun ngedalkeun gagasan, emosi, kahayang, jeung sajabana ti éta. Basa ogé bisa dipaké pikeun ngedalkeun éksprési jiwa ngaliwatan karya sastra, sakaligus jadi alat atawa media dina karya sastra boh lisan boh tulisan.

Karya sastra atawa susastra téh mangrupa bagian tina seni, saluyu jeung nu ditétélakeun Sumarjo jeung Saini K.M, yén sastra lain ilmu tapi seni (1991:1). Saperti hasil seni, umumna karya sastra mibanda unsur kaéndahan anu ngawengku ajén éstétis, ajén moral jeung ajén konsépsional. Anu ahirna éta ajén téh bisa nimbulkeun rasa kagagas, kataji, éndah, resep, ni'mat tur rasa séjénna nu patalina jeung kasugemaan anu maca.

Sastra téh asalna tina basa sangsekerta anu hartina buku pangajaran; élmu pangweruh; naskah; buku-buku suci. Kiwari éta harti téh jadi ngaheureutan, anu disebut sastra kiwari nya éta karya seni anu digelarkeunnana ngagunakeun alat basa boh lisan boh tulisan. Dumasar kana gunggungan perwujudanana sastra Sunda dibagi tilu, nya éta prosa, puisi, jeung drama. Ari nilik kana warnana nya éta dumasar kana periode mangsa/waktu gelarna, sastra Sunda diklasifikasikeun jadi dua nya éta (1) sastra Sunda heubeul jeung (2) sastra Sunda anyar (baca Isnendes, 2010: 88).

Karya sastra Sunda nu heubeul dina wangun prosa nya éta dongéng. Dongéng mangrupa karya sastra Sunda heubeul wangun prosa anu sumebarna ngaliwatan lisan, salah sahiji ciri dongéng nya éta eusi caritana ngandung unsur pamohalan. Contona waé dina sababaraha dongéng anu jadi tokohna téh sato anu bisa ngomong, jalma sakti, jeung réa réa deui. Lian ti éta, dongéng ogé teu dipikanyaho saha nu ngarangna (anonim). Dina sababaraha dongéng urang bakal manggihan yén tokoh protagonisna pasti miboga ahir carita nu hadé, kitu ogé tokoh antagonis miboga ahir anu goréng. Hal ieu téh jadi bukti yén dina dongéng si pengarang anu anonim téa miboga tujuan pikeun ngabejaan masarakat/generasi

kahareupna mana hal alus nu kudu dipilampah jeung hal goréng nu kudu disingkahan. Hal éta nunjukeun yén dongéng mangrupa karya sastra Sunda heubeul anu euyeub ku ajén-inajén dina kahirupan sapopoé.

Dongéng sumebar lain di hiji wewengkon wungkul, unggal wewengkon di tatar Sunda bisa jadi mibanda réa-réa dongéng anu béda jeung wewengkon séjénna. Barudak kiwari anu geus kataji ku éra globalisasi tangtu leuwih apal kana dongéng-dongéng Eropa/luar negri kawas Cinderela, Putri Salju jeung réa-réa deui tibatan dongéng-dongéng nu aya di wewengkonna séwang-séwangan.

Dongéng ogé mangrupa salah sahiji sastra Sunda anu diajarkeun di sakola, hal ieu sangkan murid-murid wanoh kana sastra lokal anu hirup di tatar Sunda (Jawa Barat). Mikawanoh dongéng hartina mikawanoh sastra dina basa Sunda anu antukna mikawanoh budaya Sunda sarta nyaho ajén-inajén budaya anu nyangkaruk dina sastra Sunda.

Dongéng-dongéng anu jadi bahan pangajaran kiwari kacida lobana, éta dongéng téh hasil tina panalungtikan-panalungtikan séjén anu geus kungsi dilaksanakeun. Sabangsaning dongéng sasakala, dongéng sasatoan, jeung sajabana ti unggal wewengkon. Tapi hanjakalna, masih kénéh aya anu maké dongéng pikeun bahan ajar nu asal dongéngna téh lain ti wewengkonna sewang-sewangan. Hal éta nunjukeun masih loba kénéh dongéng ti unggal wewengkon anu acan kainvéntarisir.

Panalungtikan ngeunaan dongéng kawilang loba, aya anu dilaksanakeun ku mahasiswa pikeun ngaréngsékeun tugas ahirna, ogé aya nu dilaksanakeun ku

lembaga pamaréntahan pikeun kapentingan proyék pembinaan jeung pengembangan basa.

Sawatara panalungtikan ngeunaan dogéng anu dilaksanakeun ku mahasiswa nya éta: "Dongéng Rayat Kadipatén pikeun Bahan Pangajaran Sastra Sunda di SMP Negeri Kadipatén" (Fatimah, 1997); "Invéntarisasi Carita Rayat di Cipunagara" (Héri Hérmawan, 2002); "Invéntarisasi Carita Rayat di Kacamatan Kadungora Kabupatén Garut" (Néni Rohaéni, 2004); "Struktur, Fungsi, jeung Unsur Budaya dina Dongéng-dongéng di Désa Rancakalong kabupatén Sumedang" (Lina Ratna Wati, 2006); "Invéntarisasi Dongéng di Kacamatan Lembang pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMP"(Denny Indrayana Taufan, 2007); "Dongéng anu Sumebar di Kacamatan Kadudampit Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Bahasa Sunda di SMP" (Opih Latipah, 2007); jeung "Analisis Struktural Semiotik Dongéng-dongéng di Kecamatan Panjalu Kabupatén Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP" (Andi Sopandi, 2012). Salian ti éta aya panalungtikan anu dilaksanakeun ku lembaga pamaréntahan pikeun kapentingan proyék salasihijina nya éta *Sastra Lisan Sunda* ku Yus Rusyana (1978).

Tina sakitu lobana panalungtikan ngeunaan dongéng, tangtu aya waé dongéng-dongéng anu acan kainvéntarisir. Ku ayana panalungtikan dongéng di wewengkon-wewengkon nu tacan kacatet, éta mangrupa tarékah dina ngeuyeuban pangaweruh sastra lisan utamana dongéng anu aya di tatar Sunda.

Kiwari di Kacamatan Nagrak anu geus mimiti kalindih ku proyék-proyéng komersial, aya asumsi yén barudakna teu arapaleun kana dongéng-dongéng anu

aya di wewengkonna. Barudak téh apalna ngan kana dongéng-dongéng nu aya dina buku ajar atawa situs-situs web dina internét. Saenyana dongéng anu aya dina buku ajar jeung internet mah mangrupa dongéng-dongéng anu asalna lain ti wewengkon Sukabumi utamana lain ti Kacamatan Nagrak. Memang aya hiji buku ajar nu judulna *Sagara Basa* nu ngasupkeun dua dongeng nu judulna “Sasakala Batu Kinyang” di kelas hiji semester hiji jeung “Putri Kadita” di kelas hiji semester dua nu jenisna mangrupa carita babad asal-usul Pajampangan. Éta buku téh hasil usaha MGMP Kabupatén Sukabumi nu ngawarnaan buku ajar ku pulas lokal. Sanajan kitu, dua dongeng can bisa ngarepresentasikeun Kabupatén Sukabumi bari sakitu lobana dongéng-dongéng nu bacacar di masarakat teu kapaliré.

Dumasar kana hal éta, ieu panalungtikan nu judulna “Invéntarisasi Dongéng di Kacamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun di SMP” kudu dilaksanakeun, lantaran ti bisa ngeuyeuban bahan pangajaran basa Sunda di sakola ogé bisa dijadikeun tarékah pikeun ngamumulé sastra Sunda heubeul anu sumebar di Kacamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi nu kiwari beuki teu dipikawanoh baé boh ku barudak ngorana boh ku para kolotna.

1.2 Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Unggal masalah anu ditalungtik tangtu kudu diwatesanan sangkan éta masalah téh jéntré, babari nalungtikna, henteu jembar teuing, jeung teu nyimpang tina widang anu rék ditalungtik.

Dumasar kasang tukang masalah anu geus ditepikeun di luhur, ieu panalungtikan téh diwatesanan ku cara ngainventarisasi dongéng jeung ngaanalisis struktur dongéng nu aya di Kacamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesanmasalahtadi, nu jadimasalahdinaieupanalungtikandirumuskandinakalimahpananyaieu di handap.

- 1) Dongéng naon baé anu aya di Kacamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi?
- 2) Kumaha struktur dongéng nu aya di Kacamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi?
- 3) Dongéng naon baé anu bisa dijadikeun bahan ajar ngaregepkeun?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta hayang nyangking gambaran luyu-henteuna dongéng nu aya di Kacamatan Nagrak pikeun bahan ajar ngaregepkeun di SMP.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) ngumpulkeun dongéng naon baé anu aya di Kacamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi;
- 2) nganalisis struktur dongéng anu aya di Kacamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi;

- 3) nyusun bahan pangajaran ngaregepkeun tina dongéng anu kapanggih di Kacamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ayasabarahamangpaat nu dipiharepkuayanapanalungtikanieu, nya éta:

- 1) pikeun panalungtik, bisa nambahan pangweruh dina widang sastra Sunda;
- 2) pikeun guru bisa jadi pangdeudeul pikeun bahan ajar pangajaran basa jeung sastra Sunda;
- 3) pikeun siswa sangkan bisa leuwih wanoh kana dongéngna di wewengkonna;
- 4) pikeun masarakat réa bisa nambahan pangaweruhna ngeunaan sastra Sunda, hususna ngeunaan dongéng anu aya di Kacamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi, ogé sangkan masarakat bisa ilubiung dina ngamumulé sastra Sunda lisan.

1.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta bebeneran, téori, jeung pamanggih anu dijadikeun dadasar atawa cecekelan dina panalungtikan.

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) dongéng mangrupa karya sastra heubeul nu masih kénéh sumebar di masarakat nu tangtu;
- 2) dongéng perlu dipikawanoh ku para siswa;
- 3) sawatara dongéng miboga ajén-inajén;

- 4) dongéng bisa dijadikeun média atikan ngaliwatan kagiatan pangajaran basa jeung sastra Sunda di sakola.

1.6 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré jeung teu nimbulkeun salah tapsir, baris dipedar istilah anu aya dina ieu judul panalungtikan.

- 1) Invéntarisasi dongéng nya éta pencatatan atawa dikumpulkeunana data dongéng.
- 2) Bahan pangajaran ngaregepkeun nya éta instrumén, média, atawa matéri anu digunakeun dina kagiatan diajar-ngajar ngaregepkeun.

Jadi anu dimaksud “Invéntarisasi Dongéng di Kacamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP” dina ieu panalungtikan hartina ngumpulkeun dongéng nu aya di Kacamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi pikeun dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP.

1.7 Méthode Panalungtikan jeung Téhnik Panalungtikan

1.7.1 Méthode Panalungtikan

Méthode nu digunakeunpikeunngahontaltujuangumantung kana tujuanpanalungtikan, sipatmasalah nu digarap, sarta*alternatif-alternatif* séjén nubisadipaké.Dumasar kana éta pamadegan, ieu panalungtikannngagunakeun méthode déskriptif analitis. Kusababdina ieu panalungtikan mibogatujuan ngadeskripsikeun dongéng-dongéng nu kapanggih di Kacamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi tur hasil panalungtikanana mangrupa hasil tina analisis.

1.7.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta, talaah pustaka, téhnik obsérvasi , jeung wawancara.

1.8 Raraga Nulis

Raraga nulis dina ieu skripsi, nya éta:

BAB I: Bubukan nu ngabahas ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, watesan masalah, tujuan jeung mangpaat panalungtikan, anggapan dasar, wangenan operasional, métode panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung raraga nulis. Dina ieu bab, eusina ngeunaan kontéks tina masalah anu baris ditalungtik.

BAB II: Kajian Téori ngeunaan dongéng, ngaregepkeun jeung bahan ajar.

BAB III: Métode Panalungtikan, nu ngawengkumetode jeung téhnik panalungtikan, instrumen panalungtikan, sumber data, sistematika nyusun skripsi, jeung jadwal kagiatan panalungtikan.

BAB IV: Analisis panalungtikan, analisis unsur dongéng jeung dongéng pikeun bahan ajar ngaregepkeun.

BAB V: Kacindekan jeung saran.